दिन—शुक्र दिनांक—26.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

गृह मंत्री अमित शाह आइ नशाक विरूद्ध एकजुट भऽकऽ लड़बाक आह्वान कयलनि। ओ कहलनि जे मादक पदार्थक कारोबार देशक सुरक्षा, सामाजिक व्यवस्था, आर्थिक हित आ युवा लोकनिक भविष्यक लेल खतरा अछि। ओ आध्यात्मिक नेता, युवा आ माता सभ सँ एहि अभियान में मिलि कऽ भाग लेबाक अपील कयलनि। श्री शाह एहि गपक चर्चा नव दिल्ली मे नार्को—कोऑर्डिनेशन सेंटर अर्थात एन.सी.ओ.आर.डी क दसम शीर्ष स्तरीय बैसक कैं संबोधित करैत कहलनि। गृह मंत्री कहलनि जे नारकोटिक्स कंट्रोल ब्यूरो मादक पदार्थ सँ जुड़ल अपराधक जनतब समय पर साझा करबाक लेल कतेको ऑनलाइन पोर्टल शुरू कयलक अछि। ओ सभ राज्यक मुख्य सचिव आ पुलिस महानिदेशक सभ सँ एहि पोर्टल पर नशा सँ जुड़ल मामिलाक जानकारी तय समय सीमाक भीतर अपलोड करबाक लेल कहलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी रवि दिन अट्ठाइस जून कैं आकाशवाणीक मन की बात कार्यक्रम मे देश—विदेश क लोक सभ सँ अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय पैंतीसम कड़ी होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ चैनल, एआईआर न्यूजक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जाएत। संगहि एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना एवं प्रसारण मंत्रालयक यूट्यूब चैनल पर सेहो एकर सीधा प्रसारण कयल जाएत।

---

राज्य मे उच्च शिक्षा व्यवस्था मे पारदर्शिता, डिजिटल प्रशासन आ जवाबदेही कैं बढ़ावा देबाक लेल आइ पटना लोकभवन मे उच्च स्तरीय बैसक आयोजित कयल गेल। राज्यपाल—सह—कुलाधिपति सैयद अता हसनैनक अध्यक्षता मे आयोजित बैसक मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। बैसक मे सभ विश्वविद्यालय मे एहि वर्ष एकतीस दिसंबर धरि समर्थ पोर्टलक सभ मॉड्यूल लागू करबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि दरमियान

नवसृजित दू सय एगारह सरकारी डिग्री महाविद्यालय मे सहायक प्राध्यापक लोकनिक केंद्रीकृत नियुक्ति, राष्ट्रीय शिक्षा नीति–2020 के प्रभावी क्रियान्वयन, शोध आ डिजिटल शिक्षा कँ बढ़ावा देबा पर चर्चा कयल गेल। बैसक मे विद्यार्थी सभक लंबित डिग्री वितरणक कार्यक्रम कँ तीस सितंबर धरि पूरा करबाक निर्देश देल गेल।

---

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे प्रदेश मे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण कँ लऽकऽ सरकार संवेदनशील अछि। श्री तिवारी पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे सरकार स्थानांतरण पोर्टल लांच कयलक अछि, जाहि सँ शिक्षक सभ कँ बदली सरल, पारदर्शी आ भ्रष्टाचार मुक्त होयत।

---

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा भरत भूषण तिवारी कथित मुठभेड़ मामिला पर कहलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि पर कड़गर कार्रवाई शुरू कयलनि अछि। श्री झा आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ जनौलनि जे एनडीए सरकार राज्य मे कानून आ व्यवस्था कँ मजगूत रखबाक लेल पूरा तरहें प्रतिबद्ध अछि।

---

मोहर्रमक आइ दसमी तिथि अछि। हजरत इमाम हुसैन आ बहत्तरि साथी सभक शहादतक याद मे योम–ए–आशूरा मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर प्रदेशक विभिन्न भाग मे ताजिया जुलूस आ मातमी जुलूसक आयोजन कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सोशल मीडिया संदेश मे कहलनि जे हजरत इमाम हुसैनक बलिदान सत्य आ न्यायक मार्ग पर अडिग रहबाक प्रेरणा दैत अछि। राज्यपाल सैयद अता हसनैन प्रदेशवासी सभ सँ पारंपरिक सद्भाव आ भाईचाराक वातावरण मे मोहर्रम मनेबाक अपील कयलनि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे हजरत इमाम हुसैनक शहादत हमरा लोकनि कँ मानवता, त्याग आ सद्भावक मार्ग पर चलबाक प्रेरणा दैत अछि। एम्हर, मोहर्रम कँ लऽकऽ पूरा प्रदेश मे शांति व्यवस्था बनाओल रखबाक लेल सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

---

पटना सहित दक्षिण बिहारक कतेको जिला मे वर्षा होयबा सँ लोक सभ कँ भीषण गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान शिवहर, मधुबनी आ पश्चिम चंपारण जिलाक किछु स्थान पर भारी वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार शिवहर मे सभ सँ बेसी एक सय बारह दशमवल चारि मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। विभाग जनौलक जे अगिला तीन सँ चारि दिन मे बिहारक शेष भाग मे मॉनसूनक आगां बढ़बाक अनुकूल परिस्थिति अछि।

———————————————————————————

सुपौलक जिलाधिकारी सावन कुमार आ अपर समाहर्ता सच्चिदानंद सुमन वीरपुर आ सुपौल अनुमंडलक नवनियुक्त उनतीस पीडीएस डीलर सभ कँ लाईसेंस प्रदान कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल